*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№99 (26551)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 6 июнь – хурхæтæны мæйы 6 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 БÆРÆГБОН
*Цæмæй нæ хистæртæ рæвдыд уой*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*Æнцойбон*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

Форум

## Владимир Путины раныхас пленарон æмбырды

**5 июны Бетъырбухы Æхсæнадæмон экономикон форумы пленарон æмбырды раныхас кодта Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир ПУТИН.**




Йæ доклад уыдис арфхъуыдыджын æмæ мидисджын. Лæмбынæг цы фарстатыл æрлæууыд, уыдонæн рагагъоммæ дзуаппытæ ратта дунеон информацион агентадты минæвæрттимæ фембæлды. Афтæ, паддзахады разамонæг радзырдта, не 'фсæддонтæ «Орешник»-æй куыд спайда кодтой, уый тыххæй, конфликты кæрон, Зеленскиимæ фембæлгæйæ йын цы загътаид, стæй ма сын сæ зæрдыл æрлæууын кодта, немыцаг паддзахад экономикон кризисæй куыд хъуамæ рацæуа, уый.

Владимир Путин æрлæууыд форумы сæйраг темæйыл – дунеон экономикæйы рæзты прагматикон фæндаг æмæ уыцы уавæрты дуне цы хуызы рæздзæн, ууыл. Фæбæрæг кодта Уæрæсейы инфляцийы æмвæзад, мызды рæзт, глобалон ивддзинæдтæ æмæ Уæрæсейы нысантæ экономикæйы. Рæгъмæ рахаста царды алы къабазы ахсджиагдæр фарстатæ, сæ алыг кæныны нысантæ.

Паддзахады Президент бæстон æмæ лæмбынæг дзуаппытæ ратта пленарон æмбырды архайджыты фарстытæн.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Бетъырбухы Æхсæнадæмон экономикон форумы фæзтæй иуы фембæлд Æнæххæст барджын æхсæнад «Газпром межрегионгаз»-ы генералон директор **Сергей Густовимæ**.

Республикæйы Сæргълæууæг зæрдиаг арфæ ракодта «Газпром-межрегионгаз»-ы разамонæг æмæ коллективæн, Цæгат Ирыстоны фæстаг азты цы стыр куыст бакодтой, уый тыххæй. Афтæ, фæстаг фондз азы дæргъы регионы æппæт-афонон курорт «Мамысон»-ы онг æвæрд æрцыдысты хызтæ, сарæзтой газы хæтæл газдæттæн станцæ «Зæрæмæг»-мæ, Алагиры районы фараст хъæумæ газ уагъд кæй руаджы 'рцыд, ахæм газы хæтæл.

2030 азмæ ма республикæйы хъуамæ газ бауадзой Алагир æмæ Æрæфы районты 18 хъæумæ, альпинистон базæ «Комы-Арт»-мæ, æртæ газдæттæн станцæйы та ногæй рацараздзысты. Горæтгæрон районы газы хæтæл-бæттæн сараздзысты, цæмæй цæрджытæн газ æнæкъуылымпытæй лæвæрд цæуа.

Социалон догазификацийы программæйы фæлгæты республикæйы цæрджытæй æрбацыд 4 мин бавдысты. Газ уагъд æрцыд 2,9 мин хæдзарæй фылдæрмæ, ацы программæ æххæст кæнынæй Цæгат Ирыстон хаст æрцыд нæ бæстæйы дæс хуыздæр регионы хыгъдмæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло æмæ Хуссар-Ныгуылæйнаг Сбербанчы сæрдар **Анатолий Песенников** бафыстой дывæрсыг бадзырд цифрон технологиты къабазы æмгуыстады тыххæй ирон æвзагимæ куысты. Бадзырды нысан у ирон æвзаджы рæзт æмæ йæ рацыд стыр цифрон фæзтæм.

Сбер регионæн информацион æмæ консультацион æххуыс ратдзæн, сараздзæн экспертизæ æвзагыл кусынмæ машинæты руаджы. Республикæ та сæмбырд кæндзæн æмæ бацæттæ кæндзæн хъæугæ бæрæггæнæнтæ æвзаджы тыххæй. Баныхас ма кодтой иумæйаг кусæг фембæлдтытæ æмæ цæлхæмбырдтæ аразыны тыххæй цифрон æгъдауæй фарстатæ лыг кæныны тыххæй.

– Нæ сæйраг нысан – ирон æвзаджы корпус саразын. Уый у, нырыккон ИИ-модельтæ кæуыл ахуыр кæндзысты, тексттæ æмæ бæрæггæнæнты ахæм егъау базæ. Дарддæр уый æххуыс уыдзæн цифрон сервистæн ирон æвзаг хуыздæр æмбарынæн æмæ йемæ кусынæн. Махæн нæ мадæлон æвзаг æрмæст кæрæдзиимæ дзурынæн нæу. Уый у нæ истори, культурæ, фæлтæрты бастдзинад. Архайæм ууыл, цæмæй ирон æвзаг æрмæст чингуыты ма цæра, фæлæ – нырыккон цифрон æхсæнады дæр – æмбарой йæ фæсивæд, дзурой йыл æрвылбон, – фæнысан кодта Сергей Меняйло.

– Æвзаг æрмæст дзурынмæ нæу, уый адæмæн сæ уд у, сæ истори æмæ культурон код. Нæ хæс у, цæмæй технологитæ лæггад кæной, æрмæст экономикæйæн нæ, фæлæ адæмы культурон бынтæ бахъахъхъæнынæн. Ирон æвзагæн ис æвæджиауы литературæ, æмæ махæн æхсызгон у цифрон фидæн ын саразын. Республикæйы Хицауадимæ иумæ нейрохызты сахуыр кæндзыстæм ирон æвзаг æмбарын æмæ йыл дзурын, цæмæй æвзаг рæза цифрон дуджы, Цæгат Ирыстоны цæрджытæн та сæ бон уа нырыккон технологитæй пайда кæнын сæ мадæлон æвзагыл, – загъта Анатолий Песенников.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло æмæ Республикæ Адыгейы Сæргълæууæг **Мурат Кумпилов** бафыстой регионты 'хсæн æмгуыстады тыххæй бадзырд.

Бадзырдмæ гæсгæ, фæуæрæхдæр уыдзысты базарадон-экономикон, наукон-техникон, культурон æмæ гуманитарон къабазы бастдзинæдтæ. Уыимæ, ныхас цыди регионты 'хсæн экономикон интеграци æмæ информацион коммуникацийы баст-дзинад, транспорт, промышленность, агропромышленнон комплексы, архитектурæ æмæ арæзтады, базарады, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, горæты фалдзус-тæ банывыл кæныны, лæггæдты, ахуырад æмæ наукæйы, æнæниздзинадхъахъхъæнынады, социалон æххуысады, культурæ æмæ спорты, туризмы, физикон культурæйы къабæзты бастдзинæдтæ фæфидардæр кæнынæн. Бадзырды бындурыл арæзт цæудзысты иумæйаг равдыстытæ, конференцитæ, семинартæ, цæлхæмбырдтæ æмæ æндæр мадзæлттæ.

Цæгат Ирыстон æмæ акционерон æхсæнад «ВымпелКом» (бренд «Билайн») бафыстой æмгуыстады тыххæй бадзырд республикæйы цифрон экономикæйы рæзты тыххæй. Документ бафидар кодтой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло æмæ компанийы генералон директор **Сергей Анохин.**

Бадзырды бындурыл «ВымпелКом»- ы телекоммуникацион инфраструктурæ Цæгат Ирыстоны фæзуаты рапарахат уыдзæн æмæ фадат ратдзæн мобилон бастдзинады хæрзхъæддзинад фæбæрзонддæр кæнынæн республикæйы районты. Царды уагъд цæудзысты инновацион проекттæ нырыккон технологиты бындурыл, уыимæ, аразгæ интеллектæй пайда кæнгæйæ дæр. Ног технологитæ хъуамæ фæхæццæ уой медицинæ, туризм æмæ адæмы цардыуаджы дæр.

– «Билайн»-имæ иумæ кусдзыстæм Цæгат Ирыстоны цифрон экономикæйы рæзтыл, мобилон бастдзинады хæрзхъæддзинадыл. Æппæт хъарутæй архайдзыстæм, абон цы бадзырд бафыстам, уыдон цыбыр рæстæгмæ сæххæст кæныныл, – загъта Сергей Меняйло.

– «Билайн» цæттæ у Уæрæсейы регионтæн бæрзонд технологион æххуыс раттынмæ аразгæ интеллекты бындурыл, спайда кæнын дзы æмбæлы цæрæнуатон-коммуналон, транспорт æмæ медицинон къабазы. Дызæрдыггаг нæу, не 'мгуыстад республикæйæн кæй фæахъаз уыдзæн регионы бизнес, паддзахадон хицаудзинады оргæнтæ æмæ социалон къабазы рæзтæн. Æнæмæнг, Цæгат Ирыстонмæ фылдæр туристтæ дæр æрбаздахдзæн, – бахахх кодта Сергей Анохин.

Фæбæрæг кæнын хъæуы уый, æмæ «Билайн» кæй парахат кæны йæ 4G хыз республикæйы, бастдзинад ифтонг кæны туристты уарзон бынæттæ, уыдонимæ хæххон курорттæ «Мамысон» æмæ «Цъæй».

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**



*8 июнь – Социалон кусæджы бон*

## Арфæ

### Социалон æххуысгæнæг къабазы кадджын кусджытæ!

***РЦИ-Аланийы Парламенты депутатты æмæ мæхи номæй уын арфæ кæнын Социалон кусæджы боны фæдыл!***

***Уæ дæсныйад æхсæнады у æппæты ахадгæдæр æмæ хъæугæдæр, уæ алкæмæй дæр домы адæймагдзинады хуыздæр миниуджытæ: уды фæлмæндзинад, хæрзаудæн ахаст, зæрдæбындзинад. Комкоммæ уе уæхсчытыл æрæнцад, царды зындзинæдты сæрты йæ бон ахизын кæмæн нæу, уыцы инвалидтæ, иунæгæй цæрæг, рынчынтæ, сидзæр сывæллæттыл баузæлыны хæс.***

***Уæ къæрцхъус зæрдæ æмæ фæлмæн ныхас сын баххуыс кæнынц зындзинæдты сæрты ахизын, сæ ныфс фæфылдæр вæййы, райдайынц царды рæсугъддзинæдтæ уынын. Бузныг уын уæ фыдæбоны тыххæй, уый æнцон нæу, фæлæ æххæст у фæрныг ахастæй, зæрдæбындзинадæй, бæрнондзинадæй.***

***Уæлдай арфætæ мæ фæнды ракæнын социалон къабазы ветерантæн, уыдон тæригъæд кæнынæн, зæрдæбын ахастæн, узæлдæн сæвæрдтой фидар бындуртæ. Кæстæр фæлтæр сæ фæзмынынц, цæуынц сæ фæндæгтыл.***

***Мæ зæрдæ уын зæгъы æнæниздзинад, амонд, фæрныгад уæ алкæмæн, уæ бинонтæн!***

***ТУСКЪАТЫ Таймураз,***
***РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар***

Фестиваль

## Ирд æнкъарæнтимæ – Мæскуыйæ



**Мæскуыйы дарддæр йæ куыст кæны XII чингуыты фестиваль «Сырх фæз». Арæзт цæуы 2015 азæй æмæ баст у А.С.Пушкины гуырæнбонимæ.**

Мæскуыйы цæрджытæ æмæ уазджыты уарзон бæрæгбон æрбаиу кæны фысджыты, поэтты, рауагъдæдтæ æмæ библиотекæты кусджыты, актертæ æмæ режиссерты, музыкантты æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, дæсгай мин чиныгуарзджыты. Æрвылаз фестивалы фæархайы 400 рауагъдадæй фылдæр Уæрæсейы алы регионтæй. Программæ вæййы хъæздыг, барухс кæны уазджыты зæрдæтæ 800 алыхуызон цауæй – ам бакæсæн ис нæ бæстæйы хуыздæр театрты спектаклътæм, литературон-музыкалон равдыстытæ, ног чингуыты презентацитæ, авторты автограф-сесситæ æмæ ма раст дунейы чемпионатмæ дæр тагъд кæсынæй!

Чингуыты марафон цæуы 16 фæзыл: «Аивадон литературæ», «Поэзи», «Сывæллæтты æмæ ахуырадон литературæ», «Нон-фикшн», «Уæрæсейы регионтæ æмæ Республикæ Беларусь», «Чысыл сценæ», «Библиотекæ», «Музейон хахх», «Комикстæ», «Антикварон æмæ букинистон чиныг», «Фыдыбæстæйы истори», «Уæрæсейы Фысджыты цæдис», «Литературон уазæгуат», лектори «Чиныджы фидæн», «Сырх зал» æмæ «Сæйраг сценæ».

Фестивальмæ йæ арфæ æрбарвыста Уæрæсейы Федерацийы Президент **Владимир Путин**. Бакасти йæ Уæрæсейы Президенты æххуысгæнæг, Уæрæсейы æфсæддон-историон æхсæнады сæрдар **Владимир Мединский.**

Куыд æрвылаз, афтæ та ныр дæр Ирыстонæй Мæскуымæ ацыд стыр делегаци – рауагъдад «Ир», журналтæ «Мах дуг», «Ирæф», «Дарьял», «Ногдзау»-ы разамонджытæ æмæ кусджытæ. Нæ бæстæйы кадджындæр фæзы равæрдтой сæ продукци. Нæ редакцийæн куыд фехъусын кодтой, уымæ гæсгæ мæскуыйæгтæ æмæ уазджытæ сæ иувæрсты нæ цæуынц, фæрсынц, æлхæнынц, арфæ кæнынц ирыстойнæгтæн. Цымыдисаг фембæлдтытæ поэттæ, фысджытæ, аивад æмæ культурæйы кусджытимæ, хъомысджын ныхас – алцæмæн дæр ис бынат фестивалы. Ирд æнкъарæнтимæ æнхъæлмæ кæсæм нæ делегацийы уæнгтæм.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Уырыссаг æвзаджы бон

## Поэты кадæн



**6 июны нæ бæстæйы сбæрæг кæндзысты уырыссаг æвзаг æмæ Александр Пушкины райгуырæн бонтæ. Фыссæг стыр фæд ныууагъта канд Уæрæсейы нæ, фæлæ æнæхъæн дунеон литературæйы дæр.**

Фыццаг хатт Пушкины бонæн бындур æвæрд æрцыд 1880 азы, уæд Мæскуыйы, «Страстной» фæз кæй хонынц, уыцы моладзандоны раз байгом кодтой дунейы æппæты зындгонддæр цыртдзæвæн поэтæн. Моладзандон бындзарæй хæлд æрцыд, цыртдзæвæн æндæр ранмæ ахастой, фæлæ Пушкины бон та бæрæг кæнынц абон дæр.

Знон Дзæуджыхъæуы, поэты цыртдзæвæны раз нæ республикæйы æхсæнады минæвæрттæ, культурæйы кусджытæ, фысджытæ æмæ сывæллæттæ дидинджыты бæстытæ сæвæрдтой. Мадзал байгом кодта æмæ поэты цард æмæ сфæлдыстады тыххæй радзырдта РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар **Хозиты Барис**.

– Пушкин уырыссаг поэзийы «хур» у. Æмæ абон хур кæй ракаст, уый дæр дзурæг у ууыл, æмæ йæ поэзийы хур чи схуыдта, уый уыдис иттæг раст. Пушкин дыууæ хатты æрцыд Ирыстонмæ, мæнæ ацы бынаты кæддæр уыдис фысымуат, «постоялый двор», æмæ дзы поэт цалдæр боны баззадис. Ирыстон тынг йæ зæрдæмæ фæцыд, æмæ йæ хуыздæр æмдзæвгæтæй дæр авд ныффыста ам. Уæдæ Калакмæ, Гуырдзыстонмæ цæугæйæиу, йæ фæндаг Тырсыгомыл акодта Арвыкомыл. Уым цы алæмæты æрдзон нывтæ федта, уыдон æй дисы æфтыдтой æмæ йын хастой сфæлдыстады уæлтæмæнад, хæхтæ барста зындгонд нывгæнæг Рембрандты уацмыстимæ. Ирон фысджытæ сæ хъус дардтой Пушкины сфæлдыстадмæ, тæлмац кодтой ирон æвзагмæ йæ уацмыстæ, æрмæст «Евгений Онегин» тæлмацгонд æрцыд æртæ хатты. Фæстаг хатт æй ирон æвзагмæ раивтой Хъайтыхъты Геор æмæ Джусойты Нафи. Уæлдай хуыздæр Джусойыфыртæн рауад йæ тæлмац, мæнæ йæ, цыма, Пушкин иронау ныффыста, афтæ кæсы адæймагмæ. Поэтæн аргъ куы нæ кодтаиккой, куы нæ йæ уарзтаиккой, уæд æй афтæ бæстон дæр не стæлмац кодтаиккой. Зæгъдзынæн ма уый дæр, æмæ Пушкин Ирыстонæн æцæгæлон нæу. Йæ мады 'рдыгæй кæцыдæр фæлтæры тугæй баст у алайнаг паддзахы чызг Мария Ясыняйы уидæгтимæ æмæ нын уый тыххæй уæлдай зынаргъдæр у. Уыцы бастдзинад зæрдæйæ æнкъардта поэт йæхæдæг дæр æмæ ирон чызджытæй афтæ загъта: «Они прекрасны». Дзæуджыхъæуы ис Пушкины номыл уынг, скъола, цыртдзæвæн, фæлæ æппæты сæйрагдæр цыртдзæвæн та ис нæ зæрдæты. Иу хатт поэты сфæлдыстад йæ зæрдæмæ хæстæг чи айста, уымæй нал ферох уыдзæн фыссæг, афтæ уыдзæн дарддæр дæр. Фæлтæрæй-фæлтæрмæ Пушкин цæрдзæн не 'хсæн, ерысы хуызы йын тæлмац кæндзысты иннæтæ дæр йæ уацмыстæ, уæдæ кæй тæлмац æнтыстджындæр рауайдзæн, зæгъгæ. Уыцы сфæлдыстадон процессæн æнæ æрцæугæ нæй, – загъта Хозиты Барис.

Мадзалы раныхас кодтой РЦИ-Аланийы культурæйы министры хæдивæг **Рæмонты Маринæ** æмæ Хетæгкаты Къостайы номыл Национ-наукон культурон центры сæрдар **Æлборты Иван**.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

## Дзырды фарн

***Æз лæгæй лæджыхъæд домын,***
***хорзы агурын æмбалæн...***

*КАЛОТЫ Хазби*

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **6 июны** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **13-24 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,15

Хурыскаст — 04,22
Хурныгуылд — 19,37

Валютæйы аргъ

Доллар — 72,37
Евро — 84,69

12 +

Бæрæгбон

# Ацæргæ адæмæн, рынчынтæн – ныфсы хос

**Социалон кусæджы боны агъоммæ бабæрæг кодтам Дыгуры районы цæрджытæн социалон лæггæдтæ кæныны паддзахадон бюджетон куыстуат. Куыстуаты ис, цæрджыты алы къордтæн алыхуызы социалон лæггæдтæ чи дæтты, ахæм аст хайады. Лæмбынæгдæр коллективы æрвылбон архайды тыххæй аныхас кодтам куыстуаты директор БЕККУЫЗАРТЫ Артем æмæ йæ хæдивæг ДАРЧИТЫ Мæдинæимæ.**



Артемы куыстуаты директорæй снысан кодтой 2021 азы. Разамынд дæтты 124 адæймагæн. Социалон куыст, зæгъæ, куы фехъусæм, уæд нæ цæстытыл ауайынц кусæн уаты бадæг специалисттæ, фæлæ уый бынтон афтæ нæу. Коллективы фылдæр хай – сылгоймæгтæ æрвылбон, боныхъæды æууæлтæм нæ кæсгæйæ, ацæуынц, сæ зæрдыл æнæрæдыд цы адристæ дарынц, уыдонмæ, æххуыс кæнынц ацæргæ адæмæн, инвалидтæн, фæллойы ветерантæн, иунæгæй чи цæры, уыцы æвæгæсæг хистæр кары адæмæн, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæн.

Æмæ, кæд социалон кусджыты архайд æхсæнады ирдæй нæ зыны, уæддæр уый æвæры бындур социалон культурæйæн, адæймаджы уды хуыздæр миниуджытæ рабæрæг кæны, æххуыс кæны уыцы æхсæнадæн йæ тæккæ æнæхъахъхъæд къордтæн – ас адæм æмæ сывæллæттæн.

Дыгуры районы дæр ахæм æххуысхъуаг цæрджыты нымæц гыццыл нæу.

– Нæ коллективы ис 124 адæймаджы, уыдонæй 74 – социалон кусджытæ, кæцытæ æрвылбон араст вæййынц районы центр æмæ Къора-Урсдон, Хъарман-Сындзыхъæу, Дур-Дур, Мустыздæх æмæ станицæ Николаевскаямæ. Дигорайы чи кусы, уыдонæй фæдзæхст ис фæйнæ 11 адæймаджы, хъæуты чи архайы, уыдонæй та – фæйнæ авды. Ацæргæ адæймагæн дзурæг æмбал куы уа, уæддæр ын цины хос у, фæлæ ма йын йæ хæдзар куы афснайа, хæринаг куы скæна, цæхæрадоны куы акуса, дуканийæ йæ цы хъæуы, уыдæттæ куы 'рбахæсса, уæд ын уый ахъаззаг æххуыс у. Рохуаты нæ зайынц сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ æвæрæз бинонтæ, рынчын сывæллæттæ.

Иудадзыг куыст цæуы, социалон лæггæдтæ исын кæмæн æмбæлы, уыцы граждæнты сбæлвырд кæнын æмæ сæ хыгъдмæ бахæссыныл дæр. Æххуыс сын кæнæм, закъоны сусæгдзинæдтæ – фиддонтæ куыд фыст цæуынц æмæ сæ исын кæмæн æмбæлы, уыдæттæ сын амонынц.

Уæрæсейы Федерацийы Фæллой æмæ социалон рæзты министрады бардзырдмæ гæсгæ сарæзтам мобилон социалон службæ ацæргæ адæмæн æххуыс раттыны тыххæй. Службæйы æмгуыстады бадзырды бындурыл ис юрист, психолог, инвалидты реабилитаци кæныны специалист. Æрбахонæм администрацийы кусджыты дæр, дохтырты, Цæгат Ирыстоны социалон фæдзæхстад æмæ иннæ ведомствæты специалистты. Ацы азы фыццаг кварталы мобилон службæ 16 хатты уыд районы хъæутæ æмæ горæт Дигорайы. Мобилон службæйы машинæйæ, 65 азæй уæлæмæ кæуыл цæуы, уыцы граждæнты медицинон æххуыс райсынмæ, диспансеризацимæ фæхæццæ кæнæм районы медицинон куыстуæттæм, – радзырдта нын Беккуызарты Артем.

Куыстуаты бæстыхæйттыл æрзылдыстæм – ирд, сыгъдæг уæттæ, уæрæх кæрт – æфснайд. Бæрæг у, фидар фæтк дзы кæй ис, уый.

Дарддæр нæ ныхас уыд Дарчиты Мæдинæимæ. Уый нын сæ коллективы архайды тыххæй радзырдта, растдæр зæгъгæйæ та йæ равдыста нымæцты:





– Нæ социалон кусджыты нымæц хъуамæ уа 74, фæлæ ныртæккæ сты 67 адæймаджы, ис нæм уæгъд бынæттæ, Дигорамæ нæ хъæуы авд адæймаджы. Мызд сыгъдæгæй исдзысты 30 мин сомæй гыццыл фылдæр.

Ацы азы фыццаг кварталы æдæппæтæй 65998 социалон лæггады лæвæрд æрцыд 1023 адæймагæн, æвæгæсæг бинонтæ æмæ рынчын сывæллæттæн – 180. Нæ баргонд адæмы социалон къорды граждæнтæй се 'нæниздзинад фæфидардæр кæнынмæ азы фыццаг кварталы республикон Геронтологон центрмæ арвыстам фараст адæймаджы.

Лæмбынæг каст цæуы сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæм. Æдæппæтæй сæ нымæц у 240, уыдонимæ мобилизацигонд хæстонты – 56, 103 – бархионты, 50 – чи фæмард, уыдоны, 9 – æбæрæгæй фесæфæг æмæ 22 – демобилизацигонд хæстонты бинонтæ. Алы бинонтæн дæр сарæзтам социалон паспорт. Алкæуыл дæр дзы фидаргонд ис, цы фарстатæ æмæ сæм къуылымпыдзинæдтæ сæвзæры, уыдон аиуварс кæнынæн дзуапдæттæг кусæг. Сæ хæдзæртты сæ бæрæг кæны мобилон службæ дæр, дæтты сын алывæрсыг социалон, барадон æмæ психологион æххуыс. Афтæ, азы фыццаг кварталы мобилон службæ бабæрæг кодта 39 бинонты. Лæвæрд сын цæуы барадон æххуыс. Зæгъæм, 15 бинонтæн баххуыс кодтам социалон æмæ æндæр фиддонтæ райсыны тыххæй хъæугæ гæххæттытæ саразынмæ, 15 бинонтæн раттам хæлцы продукттæ.

Рынчын æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты сывæллæтты дæр рохуаты нæ уадзæм. Арæх сын саразæм хъæлдзæг бæрæгбæттæ, раттам сын лæвæрттæ Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бонмæ, æрæджы та – Сывæллæтты хъахъхъæнæн дунеон бонмæ. Нæ бон цæмæй у, уымæй сæ рæвдыдхъуаг нæ уадзæм, – загъта Дарчиты Мæдинæ.

Социалон кусджытæ кæмæ кæсынц, уыцы ацæргæ адæм æхца фидынц, æмæ, кæд фидынц, уæд цæй тыххæй, зæгъгæ, уыцы фарстæн Мæдинæ ратта ахæм дзуапп:

– Йæ материалон уавæр къуындæг кæмæн у, уыдонæн лæггæдтæ сты лæвар, фæлæ, зæгъæм, йæ къух кæмæн амоны, уыдонæн нæ социалон кусджытæ уагæвæрдмæ гæсгæ уæлæмхасæн лæггæдтæ раттынц. Се 'ргътæ бæрзонд не сты, афтæмæй сын сæ бон у бафснайын – рудзгуытæ ныхсын, цæхæрадоны куыстытæ бакæнын, сæ фиддонтæ сын бастдзинады хайады бафидын, дуканийæ сын хъæугæ продукттæ 'рбахæссын, хæринаг скæнын æмæ афтæ дарддæр.

Артем æмæ Мæдинæ æмдзыхæй дзырдтой, се 'ппæт кусджытæ дæр сæ размæ æвæрд хæстæм бæрнон цæстæй кæй кæсынц, раппæлыны аккаг кæй сты, фæлæ дзы ракуырдтам, уæддæр дзы газеты фæрстыл искæй нæмттæ разынæд, зæгъгæ. Куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй хуыздæрты рæгъы сты: **Татьяна Израилова, Сокаты Ритæ, Байты Фатимæ, Мæрзойты Ирæ, Аркъауты Шурæ, Калоты Майя...** Се 'ппæт ранымайынæн æгæр бирæ сты, фæлæ ацы æнгом коллективæн, уыдонимæ та нæ республикæйы æппæт социалон къабазы кусджытæн зæрдиаг арфæ кæнæм сæ профессион бæрæгбоны фæдыл. Нæ зæрдæ уын зæгъы æнæниздзинад, сабыр арвы бын фæрныг, амондджын цард, . Кæуыл узæлут, уыдонæн ныфсы хос стут, æмæ сын цы хъармдзинад дæттут, уый уæм хорздзинæдтæй здæхæд!

**ГАПБАТЫ Алетæ**

# Цæмæй нæ хистæртæ рæвдыд уой

**Кæмæ цы хъысмæт кæсы, уый ничи зоны. Кæддæры сæрæн сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæ сæ кары бацæуынц, низтæ сыл стыхджын вæййынц, æмæ сæ уæд, æнæмæнгæй, фæхъæуы искæй æххуыс. Цæмæй нæ хистæртæ буц æмæ рæвдыд уой, уый тыххæй сæ фарсмæ балæууынц социалон службæйы кусджытæ.**

Камбилеевкæйы цæрæг, фæллойы ветеран **Галина Купина** хауы хистæр фæлтæрмæ. Зындзинæдтæ куыд нæ федта 81-аздзыд сылгоймаг, фæлæ райдзастæй кæсы цардмæ. Райгуырд дард Новосибирскы облæсты, фæлæ бирæ азты размæ йæ амонд ссардта Ирыстоны – Гæбæраты мыггаджы. Йæ цардæмбалимæ схастой лæппу æмæ чызг. Галина бирæ уарзы йæ хъæбулы хъæбулты. Кæстæртæ рохуаты нæ уадзынц Галинайы, фæлæ цæргæ æмæ кусгæ æндæр рæтты кæнынц. Галина бирæ рæстæг бакуыста посты хайады хицауæй, хæларæй цард адæмимæ.



ЦЫБЫРТЫ Азæ æмæ ДЖИОТЫ Фатимæ

– Иунæгæй ницы бакæнин, – загъта Галина. – Стыр бузныг дæн нæ хъæуы социалон кусæг **Джиоты Фатимæйæ**. Мæн хуызæн æвæгæсæг адæмæн зæрдиаг лæггад кæны. Фатимæ никуы ницæмæй бацыд мæ зæрдæхудты, йæхицæй цæстуарзондæр, æнæзивæгдæр нæй, у хæларзæрдæ адæймаг. Мæ алы курдиат дæр уайтагъд сæххæст кæны. Уыимæ, тынг хъæлдзæг у. Йæхицæн ис стыр бинонтæ, фæзминаг кæстæртæ, фæлæ мах рохуаты нæ уадзы. Мæ сусæг ныхæстæ, мæ сагъæстæ дæр уымæн фæкæнын. Æнæзивæгæй алы куыст дæр кæны, мæ хæдзары къуымтæ мын сыгъдæг дары.

Галина бузныг у Горæтгæрон районы адæмæн социалон лæггæдты центры разамындæй. Саразынц сын хъæлдзæг концерттæ, æрæджы та балцы уыдысты Уæлладжыры комы, бабæрæг кодтой сылгоймæгты моладзандон, сбуц сæ кæнынц чысыл лæвæрттæй.

– Уæ куыст æнцон нæу, уый зонын, фæлæ дзы æхсызгондзинад исыс? – бафарстон Фатимæйы.

– Мæ бацыдмæ тынг фенхъæлмæ кæсынц, мæ бæрны цы 10 адæймаджы ис, уыдон. Сæ хъысмæт, сæ зæрдæйы уаг алыхуызон у. **Цыбырты Азæйыл** цæуы 86 азы, цæргæ-цæрæнбонты зæрдиагæй фæкуыста дзулфыцæн цехы. **Мулдарты Славик** æмæ йæ бинойнаг **Зæлинæйæн** сæ уарзон хъæбул фæмард сæрмагонд æфсæддон операцийы. Рыстзæрдæ æмæ рынчын сылгоймаг у **Гæбæраты Светланæ**. Йæ фырт **Димæ** ацыд Фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ æмæ нал сыздæхт. Се 'хсæн ис инвалидтæ дæр. Мæхæдæг йæ рæстæджы сахуыр кодтон Дзæуджыхъæуы медицинон училищæйы, уыцы зонындзинæдтæ мæ арæх бахъæуынц. Алкæмæ дæр сæ фæлмæн дзурын, ницы хъуаг сæ уадзын. Карджын адæмæн сæйрагдæр у ныхасæмбал. Фæрсæй фæрстæм куы абадæм, уæд сын уый дæр æхсызгон вæййы.

Дохтыры æххуыс сæ арæх бахъæуы. Ахæм рæстæг иумæ ацæуæм поликлиникæмæ, хостæ сын балхæнын, сæ хъалонтæ сын бафидын, дуканийæ, цы хъæуы, уый æрбахæссын, фæззæгъын сын, дзурут мæм цыфæнды афон дæр, æмæ уыцы æнгом бастдзинад æххуыс у мæ куысты.

Фатимæ 42 азы цæры Камбилеевкæйы. Уыдонæй 17 азы лæггад кæны хъæубæсты хистæр фæлтæрæн.

Æнгом æмæ стыр бинонты рæдаукъух æфсин схъомыл кодта цыппар лæппуйы æмæ чызг, цин кæны йæ хъæбулы хъæбултыл. Рустам, Роберт, Ренат, Хетæг æмæ Регинæ царды рæсугъд фæндагыл æрлæууыдысты. Сæ ныййарджыты фарн æмæ кад бæрзонд хæссынц.

– Кæддæриддæр мæ куыстмæ цæуын æхсызгонæй. Зæрдæйæ уарзын, мæ бæрны цы ацæргæ адæм ис, уыдоны. Бузныг дæн нæ центры разамонæг **Токаты Маринæйæ,** фыццæгæм дæлхайады хицау **Гæбæраты Венерæйæ**. Бæрæгбоны арфæ кæнын ме 'мкусджытæн се 'ппæтæн дæр, – загъта Фатимæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Горæтгæрон районæй

# Амалхъомтæн – æххуыс

**Горæтгæрон районы рæзы æмæ парахат кæны амалхъомадон архайд. Уымæн ахъаз у районы центр «Мой бизнес».**




Афтæ, амалхъомадон архайдыл адæймаг цæмæй фæцалх уа, уый фæдыл ивгъуыд аз центр сарæзта 915 консультацийы. Уый дзурæг у, амалхъомтæй бирæты ацы аххуыс кæй хъæуы, ууыл.

Хигуыстгæнæг адæймæгтæ, бæрæггæнæнтæм гæсгæ, районы сты 69 адæймаджы. Æххуыс сын куы уа, уæд сæ архайд дæр рæздзæн, куысты бынæттæ та кæндзысты фылдæр.

Амалхъомадæн æххуыс кæныны паддзахадон программæты архайыны, стæй, проекттæн финансон æххуысы тыххæй районы бакуыстой 83 бизнес-пъланыл. Уый фæрцы амалхъомтæ ноджы бæстондæрæй пълан кæнынц сæ проекттæ, стæй паддзахадон æххуыс сæ къухы æнцондæрæй бафты. Афтæ, РЦИ-Аланийы Чысыл æмæ рæстæмбис куыстуæттæн финанстæ дæттыны фонды бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Горæтгæрон районы цыппар амалхъом адæймагæн æнцондæр фидæн æмæ зæрдæмæдзæугæдæр процентæм гæсгæ фонд ратта 11 милуан сомы аргъ чысыл æфстæуттæ.

Хъуыддагæн хорз æххуыс у Кредитты зæрдæдарæнты фонд дæр. Уый та ратта 3 милуан æмæ 500 мин сомы аргъ иу æфстау. Кредиттимæ баст ахастдзинæдты архайыны фæрцы ма районæн лæвæрд æрцыд 5 милуаны æфстау æхцатæ.

Æппæт уыдæттæ дзурæг сты, районы разамынд разæнгардæй кæй архайы амалхъомад райрæзын кæнынæн æххуысы мадзæлттæ æмæ уыцы нысанимæ финансон æххуыс афойнадыл исыны гæнæнтыл, æмæ, æнæмæнг, æппынфæстаг, хорзырдæм фæзындзысты районы экономикæйы райрæзтыл, куысты ног бынæттæ сæм цæмæй фæзына, ууыл.

**Нæ уацхæссæг**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Бирæ лæггæдты бацыд Ирыстоны наукæйæн



**Æз кусгæ нал кæнын, исын пенси. Фæзынд мын бирæ уæгъд рæстæг, æмæ арæх бауайын мæ хиуæттæм, мæ дзæбæх сыхæгтæм дæр. Афтæмæй фæзонгæ дæн Цуциты бинонтимæ дæр. Бинонты мад – ГАБЫСАТЫ Зелимханы чызг Светланæйыл цæуы 91-æм аз. Куыд базыдтон, афтæмæй у РЦИ-Аланийы наукæты сгуыхт кусæг, йæ рæстæджы уыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ахуыргæнæг, уырыссаг литературæйы кафедрæйы доцент, филологон наукæты кандидат.**

Хорзæхджын æрцыд Дзырдарæхсты Уæрæсейы академийы грамотæтæ æмæ майданæй «Ревнителю словесности». Хæссы Цæгат Ирыстоны наукæйы сгуыхт кусæджы кадджын ном.

Доцент Габысаты Светланæйы наукон исбонмæ хауынц национ æмæ уырыссаг фольклористикæйы актуалон фарстатыл сæдæ мыхуыргонд куыстæй фылдæр, уымæй уæлдай, йæхи æрхъуыдыгонд дзургæ адæмон сфæлдыстады уацмыстæ æмбырд кæныны методикæ. Уæлдай цымыдисаг сты йæ куыстытæ «Ирон адæмон зарджытæ» æмæ «Хъазахъхъаг чындзæхсæвты поэзи».

Светланæ 40 азæй фылдæр фембырд кодта йе студенттимæ кафедрæйы фольклорон архив, дæсны разамынд лæвæрдта студентты фольклорон практикæ æмæ наукон куыстытæн.

Тынг бирæ ис дзурæн уыцы сгуыхт сылгоймаджы тыххæй. Бирæ лæггæдты бацыд Ирыстоны наукæйæн, æмæ дзы стыр бузныг сты йæ кæддæры 'мкусджытæ æмæ студенттæ.

Æрвылбон Светланæимæ фембæлгæйæ, рахатыдтон ма йын йæ диссаджы удыхъæды миниуджытæ – зæрдхæлардзинад, хæдæфсарм, фæсивæды зондамонæг, фидар æгъдауыл хæст. Светланæ йæ хъæздыг фæлтæрддзинад æмæ бирæ зонындзинæдтæй абон дæр, йæ 90 азы сæрæй, цæстуарзон хай кæны нæ рæзгæ фæлтæрæн. Йæ царды алы хъуыддагæй дæр у фæзминаг фæсивæдæн.

**ИКЪАТЫ Таисæ**




**Цуаноны бонығæй**

# Иу хатт ма арсдзуаны тыххæй

Арс у зондджын, хинæйдзаг, тыхджын æмæ тынг тæппуд сырд, фæлæ цæфæй у тынг тæссаг æмæ æгъатыр. Уымæ гæсгæ, йæ фæдыл цæугæйæ, хъæуы тынг къæрцхъус уæвын.

Иу рæстæджы нæ зонгæтæй иу лæг балхæдта арс марыны балцæг. Акодтам æй йæ хæлæрттимæ Дзуары æфцæгмæ. Уым Фыдхуыз хохы хуссарварс æрæхгæдтой арсдзаутæ, æмæ скъæрджытæ сæ куыст райдыдтой Гыццыл хохæй. Цалдæр гæрахы фæцыд рындзæй. Скъæрд куы ахицæн, уæд рабæрæг – арс цæфæй ацыд. Цæф сырды фæдыл цæуын сфæнд кодтой дыууæ æмномы, иннæтæ сæм æнхъæлмæ кæсынц. Сахат æмæ æрдæджы бæрц куы рацыд, уæд сæ гæрах æрбайхъуыст. Арвыстам сæм хæдтулгæ. Куы ’рбацыдысты, уæд иу иннæмæн дзырды бар нал лæвæрдта, дзурынц – æз æй фехстон, нæ, æз уыдтæн, зæгъгæ. Уæд дын сæ иу иннæмæн афтæ: «Хаугæ куы акодтай, уæд æй куыд фехстай?» Хабар рауад афтæ: арс цæгатварсмæ ахызт, уым дзедырджын хæмпæлы иннæрдæм бацыд, иувæрсты фæстæмæ рацыд æмæ йæ фæдыл цæуджыты хъахъхъæдта. Куы ’рбахæццæ сты, уæд сыл йæхи рауагъта. Уыдон ын æнхъæл нæ уыдысты æмæ, тарстæй фæйнæрдæм куыд агæпп кодтой, афтæ сæ иу дзедырыл фæкалд æмæ ахауд. Иннæ фæцарæхст æмæ арсы амардта. Чи ахауд, уый загъта: «Уæлгоммæ ахаудтон æмæ йæ афтæмæй фехстон». Уæд ын иннæ афтæ: «Æмæ мæ фæрсгæ куы кодтай, тынг фæлурс дæн, зæгъгæ, æмæ дын загътон, ома, хæдзары-иу кæсæнмæ бакæс».



Ирыстоны бирæ цуанæттæ ис æмæ бирæ цымыдисаг хабæрттæн сты æвдисæн. Газеты сæ куы фыссиккой, уый мæ фæнды.

**БАЗРАТЫ Батрадз,**
**Майрæмадаг**

**Хъæлдзæг ныхæстæ**

# Заманхъул худы



**Иухатт иу лæг Бускамæ смæсты æмæ сфæнд кодта йæ лæгуæрдоны цæлхытæ йын радавын. Йæ астæуыл голлаг бабаста æмæ Емаусы рæгъдтæм йæ фæдыл ацыд. Йæ размæ фæцис лæгуæрдон, йæ цуры – ничи. Дзуццæджы æрбадт, сæмæны уыттыр рафтыдта, цалх æмбисмæ куыд раласта, афтæ уæрдоны хицау, йæ фæрæт – йæ къухы, афтæмæй йæ уæлхъус алæууыдис:**

**– Цы кусыс, хорз лæг?**

**Уæд æм давæг хæрдмæ скаст æмæ афтæ:**

**– Мæнæ дын дæ уæрдон сæрдын.**

***

Заманхъуйлагмæ хæстон комиссарадмæ фæдзырдтой. Дохтырты къамис сбæрæг кодта, йæ иу цæстæй æппындæр кæй нæ уыны, уый. Сылгоймаг дохтыр лæппуйæн тæригъæдтæ кодта, ахæм рæсугъд, хæрзконд лæппу æмæ йæ иу цæстæй ма уынæд, зæгъгæ.

Уæд ын заманхъуйлаг афтæ:

– Ацы цардмæ дыууæ цæстæй куыд кæсон!

***

**Беслæны цæрæг лæппулæгæн йæ фыд амард, уый фæстæ йе ’цæг дунемæ ацыд йæ мад дæр. Йæ къух нæ амыдта, æмæ йæ ныййарджытæн хистытæ нæ фæкодта. Иу бон йæ сыхагæн афтæ:**

**– Райсом ма мæ Дзæуджыхъæумæ «Фæллой»-ы базармæ сдав, адæм сæ мæрдтæн хæлар кæнынц, мæнæн та, æвæццæгæн, æмæ мæ ныййарджытæ уым искæмæ мæгуыры къултæ кæнынц.**

**– Хорз æрхъуыды кодтай, – загъта сыхаг æмæ райсом раджы лæджы «Фæллой»-ы базары балæууын кодта.**

**– Фæкæсын дæм нæ хъæуы машинæмæ хæссынмæ? – афарста сыхаг лæппуйы.**

**– Нæ хъæуы, – дзуапп ратта уый æмæ базары смидæг, фæлæ уæддæр машинæйы хицау йæ сыхаджы фæстæ ацыд, уыцы æппæт æлхæдтытæ куыд рахæсдзæн, зæгъгæ.**

**Лæппу æрлæууыд базары стъолы кæрон, бирæ нозт, дыргъытæ æмæ алыхуызон хæринæгтæ кæм уыд, уым, райста иу доны авг æмæ райдыдта хæлар кæнын:**

**– Ацы стъолыл цыдæриддæр хойраг, дыргъытæ æмæ нозт ис, уыдон уын хæлар уæнт, мах раз куыд сты, афтæ сымах раз дæр уæнт, сæрд уын æмбигæ ма кæнæнт, зымæг та – сæлгæ, æнæбары хай дзы макæмæн бакæнут, æндæр уын мæ бон ницы у, мæ къух нæ амоны.**

**Сыхаг худын байдыдта æмæ афтæ, æз дæр, дам, нæ мæрдтæн афтæ хæлар кæндзынæн.**

***

Хæсты фæстæ мæгуыр азты Буска йæ хъуджы уæрдоны сифтыгъта æмæ дзы кæм хъæдмæ цыди, кæм куыроймæ, иу ныхасæй, йæ куыстытæ дзы кодта.

Иу бон ын йæ сыхаг афтæ:

– Дæ хъуг ма мæм авæр, æмæ дзы æз дæр куыроймæ ме ссинаг сдавон.

– Æмæ дæхи хъуг цæуылнæ ифтындзыс? – бафарста йæ Буска.

– Мæнæн мæ хъуг ахæм куыстытæ ахуыр нæу.

– Ау, æмæ уæдæ мæнæн мæ хъуг Æрыдоны семинары бакасти? – бахудти Буска.

***

**Бускамæ йæ хæлар Бекмырзæ дзуры:**

**– Цом æмæ нæ хъомтæн зымæгмæ хос æркæрдæм!**

**– Куыннæ стæй! – загъта Буска. – Мæ хъуг йæ зæрдæйы дзæбæхæн уæлæ къуыбырыл йæ къæдзилæй хъазы, æз та йын ацы тæвды хос кæрддзынæн!**

***

Магуса Хуычъейæн йæ фыд Дотти амардис. Лæппу йæхимæ лæбурдта, йæ сæр хоста, æнæ уынаффæгæнæгæй ма куыд цæрдзыстæм, зæгъгæ.

Буска йæм хæстæг бацыдис æмæ йын афтæ:

– Уынаффæгæнæгыл ма ку, æз дын уынаффæ кæндзынæн, фæлæ кусгæ куы нæ кæныс, уæд дæ цæй уынаффæ хъæуы?

***

**Бускайы сыхаг Ципка амардис. Кæрты астæу молло Мæхæмæт марды раз æрлæууыдис, дуа скæнæм, зæгъгæ. Моллойы гыццыл зарка куыдз йæ хицау Мæхæмæты комкоммæ сбадтис. Уый йæм февзыста йæ лæдзæгæй, фæлæ, йæ сæрмæ цы тел уыдис, лæдзæг ууыл фæфидар, æмæ телы зæлланг фæцыд.**

**Уæд Буска афтæ:**

**– Мæхæмæт мæрдтæм тел ныццавта, Ципка уæм фæцæуы, зæгъгæ.**

***

Бускайы сыхаг Дзегдæ чъынды ус уыдис, хæдзармæ алы бацæуæгæн дæр афтæ дзырдта:

– Мæнæ дын иу нуазæн, фылдæр дæ ницæмæн хъæуы.

Иу ахæм бон Буска йæ дзыппæй литр банкæ фелвæста, иу нуазын амæй æмæ нæхимæ цæуын, зæгъгæ.

**Царддæй ист нывтæ**

# Куыстагур

Куыст нæй, зæгъгæ, бирæ æрыгон чызджытæ æмæ лæппутæ сæ ныййарджыты æккой бадынц, æппындæр нæ сагъæс кæнынц, цард цыбыр кæй у, æмæ дзы исты лæджыхъæд равдисын хъæуы, ууыл. Уæдæ, иуæй-иу ныййарджытæм дæр куы байхъусай, уæд хицауады фауынæй æндæр не сты, советон дуджы, дам, æгуыстæй бадджыты æфхæргæ кодтой, ныр та, дам, бынтон æндæр дуг ралæууыд...

Чи агура, уый ссардзæн, газеты фæрстыл, телеуынынадæй – дуне хъусынгæнинæгтæ, хъæуы ахæм æмæ ахæм кусджытæ, зæгъгæ. Алчи хицауы къæлæтджыны фыццаг бон не сбады, дæхи уал равдис, æмæ уæд, Хуыцауæн табу...




Мæ зонгæ хицау Сахълæу, куырыхон зонды хицау, дзырдаргъæвд, бирæ куыстагур адæм федта, уайтагъд йæ цæст ацахсы, исты дзы æртæдздзæн хъуыддаджы æви иу къорд боны фæстæ «бафæллайдзæн» æмæ алидздзæн. Мæнæ та иу курæг æрбахызт йæ кусæн уаты къæсæрæй, лæппулæг, ахæм æмæ мæ ахæм æрбарвыста æмæ мæ исты хъуыддаджы сæргъы сæвæр, зæгъгæ. Æфсæрмæй лæг цы нæ бакæндзæн, иугæр æй йæ хорз лымæн æрбарвыста, уæд æй куыд аздаха?

Гæххæттытæм æркæсыны уæнг æрхæццæ хицау Сахълæу, йæ куысты чиныг (трудовая книжка) ын райста æмæ йæм куы ’ркасти, уæд йæ сæры хъуын арц сбадт. Æмæ куыд нæ! Чиныджы цъæрттæ се ’ппæт дæр уыдысты дзаг, уый нæ, фæлæ ма йæ астæу тъыст – дыууæ уæлæмхасæн сыфы. Бæдæлæг уæздан йæ мидбылты бахудт æмæ æрбацæуæгæн афтæ:

– Уæллæгъи, дæ «трудовойæ» дын Розенбаум диссаджы зарæг афыссид!

# Фыдкъах ыл æмбæлæд...

**Ахъберд автоинспекторæй кусын куы райдыдта, уæдæй нырмæ схæдзар, куыд фæзæгъынц, йæ хъуын бацагъта. Цы ’хцатæ бафыста бынат балхæнынæн, уыдон афæдзы ‘рдæгмæ фæстæмæ раздæхта, стæй уæд райдыдта йæхи дзыпмæ кусын. Хуыцауы фæрцы йæ хъуыддæгтæ æвзæр нæ цæуынц – изæрæй йæ боны улупа йæ дзыппытæй куы сисы, уæд йæ усы цæстытæ цæхæртæ скалынц, йæ цæсгомæй хуртæ ‘мæ мæйтæ ракæсы...**

Фæлæ искæд иу хатт ахæм бонтæ дæр скæны, æмæ йæ тын йæ къух куы не ссары Ахъбердæн – фыдкъах, фыдæмбæлæг йæ размæ фæвæййы, æмæ изæрæй йæ тар цæстæнгасыл ус æмæ сабитæ бамбарынц, бынтон «бæркадджын» кæй нæ уыд йæ кусгæ бон. Уæхæдæг ма ахъуыды кæнут, куыд нæ мæсты кæна лæг – æнæхъæн бон хуры тъæнджы фæлæууыд, æмæ, марадз зæгъай, кæд цыдæр лыстæджыты йеддæмæ йæ армы исты бафтыд! Нæдæр ноздджын хæдтулгæскъæрæг баурæдта, уый нæ, фæлæ цыма дзырд бакодтой, афтæ дзы алчидæр – гæрзæй баст, цы ‘мбæлы, уымæй тагъддæр дзы ничи цæуы, гæххæттытæм къух бакæнæн – нæ, чысыл «афтек» – хостæй ифтонг!.. Ды лæг фæхуыйн æмæ сæ фæивар кæн!

Уæртæ та иу фæсарæйнаг рæсугъд хæдтулгæ æрбауайы. «Æнхъæлдæн æмæ мæ бон нæ фæдзæгъæл, кæд иу капекк мæ къухы бафтид», – зæгъгæ, ферттывта Ахъберды сæры ирд хъуыды, æмæ йæм йæ хæдзардар лæдзæгæй февзыста. Машинæ æрлæууыд. Æрыгон лæппу-лæгимæ кæрæдзийæн салам раттой, стæй йыл инспектор фарстатæ ныззгъæлста:

– Дæ къухын тормоз?
– Йæ бынаты.
– Афтек?
– Салоны!
– Хостæ?
– Цы хъæуы, уыдон дзы ис.
– Æдасдзинады рон?
– Куыд уыныс, афтæ, баст дæн!

Ахъбердæн, ахæм дзуаппытæ фехъусгæйæ, бынтон йæ зæрдæ асаст, æмæ ма уыцы тæригъæддаг хъæлæсæй сфæрæзта:

– Уæд та мын иу тамако ратт...

**Æмбисæндтæ**

# Йæ бæллиц сæххæст

Иухатт австрийаг композитор, хъис инструменты квартеттæ æмæ классикон æгъдауæй фыст симфонийы бындурæвæрæг Франц Йозеф Гайднмæ (1732–1809) æрбацыд, йæ уацмыстæ йын чи зыдта æмæ уарзта, ахæм æргæвдæг, хъасапп.

Хъасапп, уæзданæй йæ чъилджын худ сисгæйæ, загъта композиторæн:

– Маэстро, а дыууæ боны мæ чызджы чындзæхсæв уыдзæн. Æз æмæ бинонтæ тынг уарзæм дæ музыкæ, уымæ гæсгæ дæм курдиатимæ æрбацыдтæн. Ног рæсугъд менуэт ма мын ныффысс.

Гайдн сразы æмæ йын менуэт ныффыссынæй зæрдæ бавæрдта. Цы бонмæ йын загъта, уыцы бон хъасапп йæ зынаргъ лæвар райста.

Цалдæр боны фæстæ композитор фехъуыста къуырмагæнæн зæлтæ. Рудзынгмæ бацæугæйæ, Гайдн федта фыррæсугъд хæрзхаст гал, йæ сыкъатæ – сыгъзæрин доны тылд, амондджын хъасаппы йæ чызг æмæ сиахсимæ, семæ та – æнæхъæн оркестр хætæг (странствующие) музыканттимæ.



Хъасапп размæ рацыд æмæ загъта:

– Сударь, афтæ мæм кæсы, стыр аргъ дын кæй кæнын дæ диссаджы менуэты тыххæй æмæ дæ арфæйаг кæй дæн, уымæн мæнырдыгæй хуыздæр æвдисæн уыдзæн æрмæстдæр мæ галтæн сæ хуыздæр!

Уæдæй фæстæмæ Гайдны доминорон менуэт хонын райдыдтой «Галы менуэт».

# Зындонæй...

**Иу адæймаг дервишыл амбæлд, æмæ сын ныхас бацайдагъ. Бæлццон æй фæрсы:**

**– Кæцæй цæуыс, фæндаггон?**

**Уый йын дзуапп ратта:**

**– Зындонæй.**

**– Æмæ дзы цы архайдтай?**

**– Лулæ сдымынмæ мæ зынг хъуыдис.**

**– Æмæ дын раттой, цæмæй йæ ссыгътаис, ахæм?**

**– Нæ, уымы паддзах мын загъта, арт сæм кæй нæй. Æз æй, кæй зæгъын æй хъæуы, бафарстон: «Зындоны арт куыд нæй?» Зындоны хицау мын дзуапп ратта: «Зæгъын дын, махмæ арт нæй. Ардæм алчидæр йæхи артимæ æрбацæуы. Уыцы арт та у алкæмæн дæр йæхи «æз».**

# Рæстæг нæма ‘рцыд...

Æвзонг, сатæг, ирд Бæллиц æрбацыд адæймагмæ æмæ йæм бахатыд:

– Сæххæст мæ кæн!

– Рæстæг нæма ‘рцыд, – дзуапп ратта адæймаг, – æз нырма æрыгон дæн ахæм Бæллицæн.

Цасдæр рæстæджы фæстæ та йæм Бæллиц ногæй дзуры:

– Ныр аслæг дæ. Дæ хорзæхæй, сæххæст мæ кæн!

– Рæстæг нæма ‘рцыд, – йæ сæр батылдта адæймаг, – фыццаг уал мæ мæ къæхтыл фидар слæууын хъæуы.

– Цæй, ныр, цы дæ фæндыд, уыдон сарæзтай. Афон æрцыд, – тагъд æй кодта Бæллиц, йæ къæхтыл фидар куы слæууыд, уæд.



– Рæстæг нæма ‘рцыд, – загъта адæймаг, – фыццаг уал мæ цоты схъомыл кæнон, стæй дæу хъуыддаг дæр бакæндзынæн.

– Ныр дæр нæма? – бафаста йæ Бæллиц йæ кæстæр чызджы чындзæхсæвы.

– Нæ, рæстæг нæма ‘рцыд, – йæ сæр батылдта адæймаг. – Цас зилæнтæ мæм æнхъæлмæ кæсы – сывæллæттæ, цоты цот, алкæмæн дæр дзы æххуыс кæнын хъæуы. Цæй, уый тыххæй фæстæдæр аныхас кæндзыстæм.

– Хорз, фæстæдæр, – арф ныуулæфыд Бæллиц.

Адæймаг пенсийы рацыд, æмæ-иу цасдæр рæстæджы фæстæ Бæллиц йæ зæрдыл æрлæууыд.

– Ей, Бæллиц, кæм дæ? Мæнмæ гæсгæ, рæстæг æрцыд!

– Рæстæг нал ис, – арф ныуулæфыд фырзæронд, хæррæгъ æмæ, чи ныттад, уыцы Бæллиц.

# Царды æцæгдзинад

Иу ахуыргæнæг йæ ахуырдзаутæн бакаст, сæ зæрдæмæ тынг чи фæцыд, ахæм рæсугъд текст. Ахуырдзаутæ йæ уайтагъд афарстой:

– Чи йæ ныффыста?

– Нæ паддзах æй ныффыста, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд ын нымд кæндзыстут, уæ сæртæй йын ныллæг кувдзыстут. Патриарх ныффыста текст, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд ын кад кæндзыстут, фæлæ йын уæ сæртæй, паддзахæн куыд, афтæ ныллæг нал кувдзыстут. Фæлæ, куы зæгъон, йæ автор хуымæтæг адæймаг у, уæд, æвæццæгæн, фæуыргъуыйау уыдзыстут. Фæлæ, текст бухгалтер ныффыста, уый куы базонат, уæд ныххуддзыстут, – дзуапп ратта ахуыргæнæг.

Хъыгагæн, уый царды æцæгдзинад у.Бирæ адæм иннæтæн кад кæнынц, сæ хъуыддæгты тыххæй нæ, фæлæ сæ хъæздыгдзинад, тых æмæ бæрзонд бынæтты тыххæй.

# Ралæууы скувыны рад...

Сылгоймаг хъаст кæны сауджынæн:

– Мæ сæрмæ алы мæнгард хъуыдытæ цæуынц, фæлæ семæ тох кæнын мæ бон нæу.

Сауджын мидбылты бахудт:

– Дыууæ адæймаджы дæм куы ‘рбацæуа, иу – хæларзæрдæ, иннæ – фыдзæрдæ, уæд дзы æнцондæр атæрæн кæцы у?

- Хæларзæрдæ, – дзуапп ратта сылгоймаг.

- Афтæ, хорз хъуыды дæр æнцондæр фæтæрсын кæндзынæ, налат, мæнгард хъуыдытæй та нæ фервæздзынæ. Æмæ уæд ралæууы скувыны рад: «Хуыцау, баххуыс кæн!» Æмæ, æцæгдæр, фесæфынц.

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**



Спортивон фидиуæг



Футбол

# Ирыстойнæгтæ – фыццæгтæ

**Дзæуджыхъæуы, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты спортивон комплексы ацы бонты цæуынц Уæрæсейы слестгæнæн комитеты Цæгат Кавказы управленийы кусджыты спартакиадæйы ерыстæ спорты цалдæр хуызæй.**



Ерысты архайынц Цæгат Кавказы æхсæз республикæ æмæ Стъараполы крайы командæтæ.

4 июны цымыдисаг рауадысты мини-футболæй ерыстæ. Спартакиадæйы уæлахиздзау суæвынмæ тырнытдтой аст командæйы. Уыдонæй æрдæгкæронмæ рацыдысты: РЦИ-Алани, Мæхъхъæлы Республикæ, Стъараполы край æмæ Цæгат Кавказы паддзахадон-слестгæнæн управленийы кусджытæ. Дыууæ фембæлды дæр рауадысты цымыдисаг. Слестгæнджыты ’хсæн футболуарзджытæ федтой къорд сæрæн архайæг футболисты.

РЦИ-Алани æмæ Мæхъхъæлы Республикæйы командæты фембæлды ирыстойнæгтæн фыццаг таймы бантыст 3 голы бакæнын. Сæ бакъуырæг футболисттæ уыдысты **Багаты Алан, Таугазты Давид** æмæ **Лазарты Артур**. Ацы хыгъд 3:0 баззад хъазты кæронмæ æнæивдæй, æмæ Ирыстоны командæ рацыд кæронбæттæнмæ. Уым йæ ныхмæлæууæг чи суыдзæн, уый бæрæггонд цыди Стъарапол æмæ «ГСУ-СКФО»-йы фембæлды.

Дыууæ командæйы фембæлд ахицæн 1:1 хыгъдæй, æмæ фæуæлахизуæвæг бæрæггонд æрцыд 7-метрон пенальтиты руаджы. Ацы фæлварæны рæстдзæвиндæр разындысты Стъараполы хъазджытæ æмæ рамбылдтой 4:3 хыгъдæй.

Ноджы цымыдисагдæр рауадысты 3-аг æмæ 1-аг бынæттыл фембæлдтытæ. 3-аг бынат бацахсыныл ерыс кодтой Мæхъхъæлы Республикæйы командæ æмæ «ГСУ-СКФО». Хъазты фыццаг таймы (тайм уыд 15 минуты) Мæхъхъæлы Республикæйы футболисттæн бантыст 3 голы бакæнын.

Фембæлдмæ кæсджытæ гуырысхо нал кодтой ахæм хыгъдæй чи æмбулы, уый кæй фæуæлахиз уыдзæн, ууыл, фæлæ дыккаг таймы хъазты цыд рауад æндæрхуызон. Цæгат Кавказы федералон зылды паддзахадон-слестгæнæн комитеты футболисттæ атындзыдтой размæ, æмæ сын бантыст цыппар голы бакæнын. Уый сын æрхаста уæлахиз 4:3 хыгъдæй.

Тынг зæрдæмæдзæугæ рауад 1-аг бынат рамбулыныл кæронбæттæны фембæлд РЦИ-Алани æмæ Стъараполы крайы командæты ’хсæн. Ирыстойнаг футболисттæ хъазты фыццаг æмбисы атындзыдтой размæ, æмæ уыцы ныббырстыты Таугазты Давид æмæ **Магкæты Марат** рæсугъд голтæ бакъуырдтой стъарапойлæгты дуары. Хыгъд 2:0-æй баззад хъазты кæронмæ дæр, æмæ РЦИ-Аланийы командæ ссис Спартакиадæйы уæлахиздзау.

Ирыстойнаг командæйы саразæг æмæ йæ капитан у нæ республикæйы слестгæнæг комитеты сæрдар, юстицийы инæлар **Валерий Устов**. Уый йæхæдæг хъазæн фæзы архайдта зæрдиагæй æмæ йæ командæйы уæлахизы тыххæй загъта: «Махæн тынг æхсызгон у, ацы ерысты 1-аг бынат кæй рамбылдтам, уый. Ирыстон хъуыстгонд у йæ бирæ кадджын спортсментæй. Уыдоны ’хсæн сты амæй-ай курдиатджындæр футболисты, æмæ нæ кусджытæ дæр уыдоны кæй бафæзмыдтой, уымæй нæхи амонджын хонæм. Куыд федтам, афтæмæй ерыстæ рауадысты зæрдæмæдзæугæ, æмæ арфæ кæнæм, чи дзы архайдта, уыцы футболисттæн. Мах нып нæхи цæттæ кæндзыстæм Æппæтуæрæсеон спартакиадæмæ. Тырндзыстæм уым дæр нæхи сæрæнæй равдисынмæ».

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 9. Стуры хуылфы дзаума. 10. Стъалыты бардз. 11. Цæугæдон Уæрæсейы. 12. Стыр дон. 13. Рæстæджы бæрц. 14. Мард æфснайæн бынат. 17. Æнæхъыгдард, æнæвнæлд æрдз. 21. Буары хай. 24. Адæмыхатт Фæскавказы. 26. Завод Дзæуджыхъæуы. 27. Бадзырдмæ гæсгæ куыст. 28. Нарты кадджыты хæдзары дзаума. 30. Митфæлдзæгъдæн. 31. Ирон хæринаг. 32. Сыгъзæрин æндахæй хуыйын. 33. Худ аргъæутты. 36. Уистæй быд бæндæн. 38. Хабарфенæг адæймаг. 40. Музыкалон уацмыс. 41. Хъæууонхæдзарадон кусæнгарз. 42. Халсар. 45. Ирон журнал. 47. Республикæ Уæрæсейы. 51. Токаты Асæхы пьесæ «Усгуртæ»-йы архайæг. 52. Æнæцот. 53. Бæласы мыггаг. 54. Диссаджы къус Нарты кадджыты. 55. Лæвархор.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Бумбули. 2. Тагъд уайаг таурæгъон бæх. 3. Хæдзарон цæрæгой. 4. Дарæсы хай. 5. Фистæгæй (къахæй) цæуын. 6. Ставд быд синаг. 7. Фидар æфсæйнаг. 8. Хъуыр. 15. Суткæйы хай. 16. Хæдзары дзаума. 18. Уæлдæфы хай. 19. Æнæсыбыртт. 20. Саудзыккуджын. 22. Хъуын. 23. Æхсæнгарзы хай. 25. Æхсынæнæй конд адджинаг. 26. Хиконд къалбас. 29. Дзуар. 30. Хъулы фарс. 34. Хæмпæлгæрдæг (бæхы хуырхæг). 35. Тæхæг маргъ. 37. Æмдзæвгæйы хуыз. 38. ... нæ ныййарæг — нæ дарæг (газет «Рæстдзинад»-ы рубрикæ). 39. Халсар. 42. Ирон фынджы æгъдау. 43. Æнæныййарæг. 44. Кусæг фос. 45. Горæт Францы. 46. Рувасы фæсномыг. 48. Уæзы бæрц. 49. Æхсыры продукт. 50. Хъуыдыйады хай.

## Дзуаппытæ 30 майы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ: 1. Тæрных. 6. Фæлхас. 10. Æрдзæ. 12. Æхсæвæр. 13. Лакъами. 14. Гæрз. 15. Æфсымæр. 16. Цына. 19. Саггуырд. 22. Цæугуист. 24. Тухæн. 25. Магуса. 26. Капекк. 27. Аггæл. 29. Рæузæрдæ. 31. Гæныстон. 35. Калм. 36. Агуындæ. 37. Æхца. 40. Танзани. 41. Америкæ. 42. Агуыр. 43. Фæрдыг. 44. Мæйдар.**

**БЫНЫРДÆМ: 2. Æхсæрæг. 3. Нева. 4. Хæрæфырт. 5. Адджын. 6. Фæлтæхæн. 7. Локо. 8. Анауыли. 9. Цæргæс. 11. Гигант. 17. Хуыснæг. 18. Æгъатыр. 20. Атакæ. 21. Дудгæ. 22. Цæвæг. 23. Сикъо. 27. Адыгейаг. 28. Лæгдзарм.... 29. Ракетæ. 30. Уалынмæ... 32. Тахъина. 33. Нуазæн. 34. Бындур. 38. Кард. 39. Зети.**

Ног чиныг

# Стыр æхсызгондзинад райсдзысты

**...Мæнæ дыууæ æрыгон лæппуйы, Советон Æфсады алы хæйтты уæвгæйæ, кæрæдзимæ фыссынц фыстæджытæ. О, уый, ома, диссаг нæу, фæлæ сæ ныхас цæуыл у, уагæры? Фыстæг кæсыс, æмæ дæ йæ фæстæ ахуыдта, бафтыдта дæ хъуыдытыл. Сæ царды райдайæн, сæ иуыл цæуы 18 азы, иннæуыл – 20 азы æмæ сын сæ зæрдæтæ æндавынц Чеховы уацмыстæ, фыссынц æмдзæвгæтæ, сæ хъуыдытæ баст сты Къостаимæ, иннæ классиктимæ...**

Мæнæ Битарты Аслæнбег фыссы Кокайты Тотрадзмæ: «Ис цардмæ иу диссаджы миниуæг: Адæймаг хъуамæ, фыццаджыдæр, базона йæхи, йæ миддуне, уый фæстæ йын иннæ хабæрттæ базонын уыдзæн æнцондæр. Уыцы хъуыддаджы махæн фæзминагæй баззад Англисы номдзыд гениалон лæг, драматургийы фыд Вильям Шекспир. Уый нын сфæлдыста æнæмæлгæ архайджытæ. Йæ архайджытæ та сты цардæй ист...».



Кокайты Тотрадзы дзуаппытæй иу æрхæссон: «...Райсæм Къостайы. Уый йæ хæсыл нымадта йæ уарзон, йæ мæгуыр адæмæн лæггад кæнын! Уыцы хæс кæй сæххæст кодта, уымæн æвдисæн стæм нæхæдæг. Уый йеддæмæ мах абон нæ кæниккам йæ кой. Къостайы зарджытæ (æмдзæвгæтæ æмæ а.д.) адæмон кæй систы, уый дæр уынæм. Уый йеддæмæ сæ фыййау хохы цъуппæй нæ зарид, бырдираг – йæ хуымы кæроны, бæлццон та – фæндагыл...».

Хорз чиныг кæддæриддæр ссардзæн йæ кæсæджы, аргъ ын чи кæны, æнхъæлмæ йæм чи кæсы, комкоммæ – уый. О, æцæгдæр, Интернет йæ тыхы бацыд, фæлæ уæддæр мыхуыргонд чиныджы ад чи æмбары, уый йыл йæ зæрдæ нæ сивдзæн.

Æрæджы мыхуыры рацыд Кокайты Тотрадзы ног чиныг «Публицистикæ», зæгъгæ, сæргондимæ. Фыссы дзы йæ мидхъуырдухæнтæ, царды нывтæй цæмæй ратыхсы, йæ зæрдæ цæмæй барухс вæййы, йæ быцæу ныхас, йæ очерктæ, йæ хъуыдытæ. Алкæмæн дæр йæ бон бауыдзæн чиныджы удысконд равзарын, химидæг цæуыл тыхсæм, цæмæ тырнæм, уыдæттæн дзуаппытæ ссарынил бацархайдзæн.

«Публицистикæ»-мæ фыссæг бахаста, алы азты цы æрмæджытæ фæфыста, уыдон. Ам бакæсæн ис, нæ номдзыд ахуыргонд Абайты Васо интеллигенциимæ куы фембæлд, уæд рæгъмæ цы хъуыдытæ рахаста, уыдон. Ахуыргонд дзырдта уд хъазайрадæй суæгъд кæныныл, сæйрагдæр фарст уыд, куыдæй бахаудтам уыцы хъазайрады, уый. Нæ бамбæхста йæхи æндæр цыргъ фарстатæй дæр, Сталины «культы» гуманизм æмæ хъæддаг ахастыты дугтæ кæрæдзи куыд ивынц, уыдæттæй дæр йæхи иуварс нæ айста. Йæ дзуаппытæ уыдысты бæлвырд æмæ бæстон.

Чиныг хъæздыг у æрмæгæй, автор фыссы Хъайтыхъты Азæмæты, Цæголты Македоны фырттæ Ким æмæ Василийы, Гуыцмæзты Алешы, Хетæгкаты Хъазыбеджы тыххæй... Цы ирд фæд ныууагътой сæ фæстæ, нæ фыдыбæстæйæн, нæ адæмæн æцæг фырттау куыд лæггад кодтой, æппæт уыдæттыл.

Кæй тыххæй фыста, уыдоны миниуджытæм уыд къæрцхъус, алцыдæр уыдта. Мæнæ Хетæджы-фырт йæ ахорæнтæ куыд змæста, палитрæмæ сæ куыд хаста, уыдæттæ, чиныджы кæсгæйæ, дæ цæстытыл ауайдзысты... Уæдæ куыд аив зарыд Казбич, уый дæр дæ бафæнддзæн фехъусын, фæлæ...

Автор ссардта зæрдæбын ныхæстæ, Джыккайты Мураты, Хъазиты Мелитоны, Токаты Алиханы сфæлдыстады тыххæй фысгæйæ. Уæдæ йæ «Æрдхæрæны кадæг – Уæлахизы кадæн» фыст тохы зарæг нæ алкæй зæрдæйы дæр бынат ссардзæн. «Æмæ цыдысты ирон адæм тохы быдырмæ се стыр Райгуырæны сæрвæлтау. Уымæн æмæ уыцы стыр Райгуырæн бæстæйы иу къуым уыд сæ чысыл Ирыстон...». Дзуццаты Бибо, Уататы Бибо, Цихиты Мæирбег – Кокайты Тотрадз йе ’мдугонты цард, фæзилæнтæ, алы цаутæй хъæздыг бонтæ равдыста. Æрмæг кæсгæйæ, адæймаг ныры рæстæгæй ахæццæ вæййы ивгъуыдмæ.

Поэт, драматург, тæлмацгæнæг æмæ публицист фыссы мадæлон æвзаджы уавæрыл, нæ ирон æгъдæуттæ, нæ фарн рæстæгимæ цавæр ивддзинæдтæ æййафынц, уый тыххæй. Кæмæн куыд æнтысы, чи цы федта, чи цы ’мбары, уымæ гæсгæ ивынц æгъдæуттæ дæр, Кокайы-фырт нæ тæрсы кæйдæр цæстæнгасæй, æргомæй дзуры, фыссы, æгъдау цы у, куыд æй æмбары, аиппытæ дæр бацамоны. Цæмæй райсом ахæм рæдыдтытæ мауал æруадзæм...

Чиныджы тыххæй æнцон нæу фыссын, растдæр уыдзæн къухмæ йæ райсын, бакæсын æй. Хъæздыг у æрмæгæй, мысинæгтæй, ирд сурæттæй. Кокайты Тотрадз йæ чиныгæй ары йæ хорз хистæр, фыссæг, киносценарист, Цæгат Ирыстоны киноаивады быиндурæвæрæг Æгъуызарты Æхсарбеджы ном. Телерадиокомпанийы разамонæг уæвгæйæ, Æгъуызары-фырт Кокайты Тотрадзы райста куыстмæ, аудыдта йыл, йæ цæст дардта æрыгон лæппуйы архайдмæ...

Чиныг «Публицистикæ», æнæмæнг, ссардзæн йæ кæсджыты, уыдон æй, бакæсгæйæ стыр æхсызгондзинад райсдзысты.

**БУТАТЫ Эльзæ**

Бакæс, базон

# Бирæцæрæг маргъ

**Денджызон мæргъты бирæцæрынады рекорд цас у?**



2003 аз Англисы Уэльсы былгæрон чысыл сакъадахыл æнæнхъæлæджы кæй æрцахстой, уыцы уадфидиуæг («буревестник») разынд мæргъты амынд хуызы æппæтæй ацæргæдæр минæвар.

Ацы маргъ фыццаг хатт 1957 азы майы (ома, 4-6 азы йыл куы цыд, уæд) кæй æрцахстой, уадфидиуæджы къахыл фидаргонд цæг ууыл дзурæг уыд. Амынд æууæл нымайгæйæ, 2003 азы маргъыл сæххæст 52 азы. Ацы цауы размæ денджызон мæргътæй рекордон бирæцæрæгыл нымад уыд 50-аздзыд америкаг альбатрос (ацы маргъæн дæр йæ кар йæ къахыл фидаргонд цæгмæ гæсгæ сбæлвырд кодтой).

Чысыл уадфидиуæг зымæгиуат кæнынмæ Хуссар Америкæмæ кæй атæхы, холлаг агургæйæ та фурды сæрты 900 километры дæрддзæгмæ кæй батæхы, уыдæттæ нымайгæйæ, орнитологтæ зæгъынц мæнæ афтæ: «Цæрæнбонты ацы бирæцæрæг денджызон маргъ атахт 9 милуан километры».

# Æппæтæй рæвдздæртæ

**Сурфæндагон («сухопутный») æхсырæйхæсгæ цæрæгойтæй æппæтæй рæвдздæр кæцы згъоры?**



Амæттаджы фæдыл стырындз уæвгæйæ, цыбыр дæрддзæгмæ сахатмæ 110 километры онг кæй тагъдад схæццæ вæййы, сурфæндагон æхсырæйхæсгæ цæрæгойтæй æппæтæй рæвдздæр згъоры уыцы гепард. Дард дæрддзæгмæ згъордæй æхсырæйхæсгæ цæрæгойты ’хсæн раздзогыл нымад у сагойсыкъаджын антилопæ. Ацы цæрæгойæн йæ бон у сахатмæ 50 километры тагъдадимæ цалдæр километры згъорын.


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**ИЗВЕЩЕНИЕ**
**о проведении государственной кадастровой оценки**

Министерство государственного имущества и земельных отношений Республики Северная Осетия – Алания уведомляет.

В соответствии с Федеральным законом от 03.07.2016 № 237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке» и на основании приказа Министерства государственного имущества и земельных отношений Республики Северная Осетия-Алания от №14-о/д от 15.05.2026 в 2027 году будет проведена государственная кадастровая оценка в отношении всех учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Северная Осетия-Алания зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест.

Проведение государственной кадастровой оценки поручено ГБУ РСО-Алания «Центр государственной кадастровой оценки» (далее - ГБУ).

Правообладатели земельных участков вправе предоставить в ГБУ декларации о характеристиках соответствующих объектов недвижимости.

Декларации принимаются ГБУ почтовым отправлением по адресу: 362040, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, пр. Мира, д. 25, пом. 17 или в форме электронного документа на адрес электронной почты **cgko@minimu.alani.gov.ru.**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек), 8-928-484-24-58 (Хамиц).**


Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц,

**ДЖИДЗÆЛАТЫ**
**Хъазыбеджы (Хъазиханы) фырт Чермен**

цæрынхъуагæй кæй амард, уый.

Зиан рахæсдзысты хуыцаубоны, 7 июны, Олгинскæйы Цоколайы-фырты уынджы 78-æм хæдзарæй.


Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор **ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ’рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2778. Заказ № 593. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**